



***LES EXPLOITÉS DE LA BOITE À CORRUPTION DE JEAN-BERTRAND
ARISTIDE "LA FANMI SE LAVI" CHERCHENT À S'OCTROYER L'AIDE
DU PRÉSIDENT DE LA RÉPUBLIQUE, MR JOSEPH MARTELLY VIA
CETTE LETTRE OUVERTE, EN DATE DU 7 MAI 2013.***



ASOSYASYON VIKTIM EKSPLOWATASYON LA FANMI SE LAVI

Phone -: (509) 3199-7644 / 47980030 / 3603-5866 / 4402-3387 / 3895-6784

E-mail. : viktimeksplwatasyon@yahoo.fr

Pòtoprens Ayiti 7 Me 2013

Nan : Palè Nasyonal

Ekselans Mr Joseph Michel Martelly

Nan Biro'l la

Ekselans,



Asosyasyon Viktim Eksplwatasyon La Fanmi Se lavi sezi dezyèm okasyon sa a pou n Felisite-w pou kouraj ou, kapasite-w kòm chèf konbatan e vanyan pou nasyon Ayisyèn nan.

Ekselans, nou pa gen fòs pou'n litere, paske atravè diskou-w yo se bagay tout moun te ka wè depi nan kanpay ou jis ou rive prezidan, vokabilè-w yo te kon'n toujou byen seleksyone e yo te kon'n menm fè moun kite kon'n nan gwo tristès amè yo mache, men n'ap di-w ak tout franchiz nou, sa'n te swetek t'ap fèt la, se pa sak fèt. Nou te panse, chomaj, ensekirite, problem lojman, eta de dwa elatriye ta pral amilyore ,kote'n ta pral bay enjistis, vyolasyon dwa moun gwo kalòt. Kote Ayiti miz-air ta pral gen yon lòt destinasyon, men lè'n pase men'n nan je'n, nou wè solèy jistis la leve kay gwo potanta yo, paske eta de dwa w'ap pale-a chita lakay yo. Y'ap souri nan moustach, pandan revandikasyon mas defavorize yo ap kanni nan tiwa lajistis. Si'n pa tronpe'n Ekselans, nou sonje-w te kon'n ap goumen atravè chante-w yo de yon pakèt bagay kite parèt enposib pou lòt moun ki t'ap dirije anvan-w yo te ka fè kote-w te konn fè santi se volontek p'at genyen. E pa bò kote gouvènman-w lan Ekselans? Kisa popilasyonk anba grangou, chomaj, ensekirite, gaspiyaj,vòl vyòl, vyolasyon dwa moun, kote libète Laprès pa respekte elatriye va di pou gouvènman-w lan? Kisak manke kifè-w pa fè'n repons premye lèt nou te ekri-w 21 mas 2013 la? Eske se poutèt nou te ekri-w an kreyòl la? Oubyen se tann w'ap tann yo elimine lavi nou pou bann repons atravè mò viktim parèy nou yo tankou : Jean Dominique, brignol lindor, kat ti mesyek te boule nan lokal La Fanmi se lavi yo, Monrine green elatriye.

Ekselans pa di se fawouche n'ap fawouche-w si-w wè'n re ekri-w nan lang manman'n ak papa'n yo,pou'n di-w enpasyaman n'ap tann repons ou an kreyòl,paske menas yo pi menasan, nou nan maron anba grangou,mal dòmi, touni e malgre nou nan chagren Asosyasyon-an p'ap janm pa koube byen ba devan-w pou'n salye-w ak tout gouvènman-w lan patriyotikman.

Komite Asosyasyon-an

Rock Junior Restaino
Kodonate

Sandie Daniel Pierre
Sekrete

Thelma Sony
Bòk Parol

